

PWOTEJE TÈT OU KONT GRIP ZWAZO H5N1

Mete ekipman pwoteksyon pèsonèl sou ou san danje

Sa pou w konnen anvan w mete ekipman pwoteksyon pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE)

- Kite rad ak atik pèsonèl pwòp, manje, ak bwason nan zòn ki pwòp yo patwon w bay la
- Respekte machaswiv patwon w bay pou antre ak pou kite chantye travay la
- Itilize zòn separe deziyen yo pou mete PPE pwòp ak pou retire PPE sal
- Lave men w pandan 20 segonn avèk savon ak dlo oswa, si yo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl

Apre w fin lave men w, mete PPE sou ou nan yon zòn pwòp nan lòd sa a:

- 1.** Salòpèt ki kenbe w sèk



- 2.** Kouvèti bòt oswa bòt



- 3.** Tabliye enpèmeyab, si sa nesesè



- 4.** Respiratè patikil NIOSH Approved®



- 5.** Linèt sekirite



- 6.** Kouvèti tèt oswa kouvèti cheve



- 7.** Pwotèj figi, si sa nesesè



- 8.** Kas di, si sa nesesè



- 9.** Gan pou jete apre itilizasyon



- 10.** Gan travay ekstèn, si sa nesesè



Retire PPE a anvan w antre nan nenpòt zòn pwòp tankou twalèt, sal poz, ak nan zòn administratif yo

